

KÒMAN W KAPAB RENOUVLE NY STATE OF HEALTH INSURANCE OU AN AK MICHELLE

01



Michelle te resevwa avi renouvèlman li a nan lapòs. Avi l la te endike li dwe pran mezi ki nesesè yo epi renouvle nan yon dat espesifik.



02



Avi l la detaye divès fason pou li renouvle, tankou, konekte sou kont li sou nystateofhealth.ny.gov, pale ak yon Asistan Enskripsyon ki kalifye, oswa rele nan [1-855-355-5777](tel:1-855-355-5777).



03



Michelle te bezwen mete kont li an ajou ak tout chanjman ki ka afekte pwoteksyon asirans sante li a - tankou revni, fanmi oswa adrès.



04



Li te vizite nystateofhealth.ny.gov epi li te klike sou bouton **"Find Local Help" (Chèche Èd Lokal)** pou jwenn yon Asistan Sètifye pou Enskripsyon.



05



Michelle te kapab renouvle Medicaid Health Plan li an epi evite yon peryòd san pwoteksyon nan pwoteksyon asirans lan.

